

Depatman Edikasyon Florida
Fòmilè Konsantman Paran
Enstriksyon Sou Kourikoulòm Pwen Aksè Nòm Eta a ak
Nòmalizasyon Evalyasyon Altènatif nan Tout Etat a

Elèv: _____ Dat: _____

Dat Nesans Elèv la: _____ Non Paran an: _____

Distri: _____ Lekòl: _____

Mwen konprann, kòm yon patisipan nan ekip plan edikasyon endividyèl (IEP) yo, mwen gen dwa pou dakò oswa refize pou pitit mwen (oswa mwen menm, si mwen se yon elèv majè) resevwa enstriksyon sou kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak pou mwen pran nòmalizasyon evalyasyon altènatif ki nan tout etat a (si li aplikab, dapre nivo klas pitit mwen an).

Dapre Seksyon 1003.5715, Lwa Florida, mwen konprann Distri Konte Lekòl la _____ ka pa bay enstriksyon sou kourikoulòm pwen aksè nòm eta a oswa administre nòmalizasyon evalyasyon altènatif ki nan tout etat a a amwenske mwen te bay yon konsantman ekri sou fòmilè sa a; oswa distri a te dokimante epi te fè efò rezonab pou jwenn konsantman mwen epi mwen te echwe pou reponn; oswa distri lekòl la te jwenn otorizasyon nan jijman pwosedi ofisyèl ak/ou pwosedi pou fè apèl. Mwen konprann, pandan n ap tann pwosedi pou fè yon jijman oswa yon apèl pou yon plent, pitit mwen an ap rete nan menm pwogram lekòl li ye a pandan n ap tann desizyon jijman an, amwenske distri lekòl la ak mwen menm dakò yon lòt bagay.

Y ap mande mwen pou m bay konsantman mwen paske ekip IEP a te detèmine nou dwe pran aksyon ki pwopoze a pou pitit mwen an resevwa yon edikasyon piblik ki apwopriye. Si mwen refize bay konsantman pou aksyon ki pwopoze a, pitit mwen an kapab pa resevwa tout sèvis ak soutyen ekip IEP a detèmine li bezwen, epi sa kapab gen yon enpak sou pwogrè pitit mwen nan lekòl. Mwen konprann, ke si mwen bay konsantman mwen, pitit mwen an ka resevwa enstriksyon nan kad edikasyon jeneral k ap baze sou IEP li men enstriksyon y ap ofri a ka p ap prepare pitit mwen an sou kèk opòtinite apre lekòl segondè tankou enskripsyon nan yon pwogram k ap chèche degre nan kolèj oswa enskripsyon nan militè. Mwen konprann ke, si pitit mwen antre nan klas nevièm (9) anvan ane lekòl 2014-2015 la, enstriksyon nan pwen aksè ak patisipasyon nan nòmalizasyon evalyasyon altènatif ki nan tout etat a a ka lakòz li pran yon diplòm espesyal ki ka gen yon enpak sou aksè nan opòtinite demen tankou enskripsyon nan yon pwogram k ap chèche degre nan kolèj oswa enskripsyon nan militè. Konsantman sa a ap valid jiska pwochen revizyon anyèl IEP a, oswa jiska pwochen rankont IEP a si enstriksyon nan kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak nòmalizasyon evalyasyon altènatif ki nan tout etat a abòde, sa ki vini avan an.

Mwen bay konsantman pou bay enstriksyon nan kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak nòmalizasyon evalyasyon altènatif ki nan tout etat a (si pitit mwen an bezwen pran li dapre nivo klas li).

Siyati Paran

Dat

Siyati Paran

Dat

Mwen pa bay konsantman pou bay enstriksyon nan kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak nòmalizasyon evalyasyon altènatif ki nan tout etat a (si pitit mwen an bezwen pran li dapre nivo klas li).

Siyati Paran

Dat

Siyati Paran

Dat

Si w siyen "*M pa bay konsantman*," avan dis jou lekòl, distri lekòl la dwe devlope epi aji sou yon nouvo pwosedi evalyasyon konfòmman ak yon nouvo IEP **oswa** li te mande yon jijman pwosedi ofisyèl.

Ou gen dwa ak pwoteksyon ki dekri nan *Avi konsènan Mezi Pwoteksyon pou Paran ak Elèv Andikape yo [Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities]* an angle. Pou resevwa yon kopi, oswa pou ede w konprann dwa ou yo, kontakte:

_____ nan _____ OU _____ nan _____

(Responsab nan distri a)

(Telefòn/Imèl)

(Dezyèm Kontak)

(Telefòn/Imèl)

Dokimantasyon pou montre yo te eseye jwenn yon konsantman:

1. Dat / Metòd itilize pou voye li:
2. Dat / Metòd itilize pou voye li:

Depatman Edikasyon Florida
Fòmilè Konsantman Paran
Enstriksyon Sou Kourikoulòm Pwen Aksè Nòm Eta a ak
Nòmalizasyon Evalyasyon Altènatif nan Tout Eta a